



Malmouton

Ki sa malmanton (*mumps*) ye?

Malmanton se yon maladi kontajye poutèt yon viris.

Ki jan malmanton gaye?

Viris ki koze malmouton an ap viv nan nen, bouch ak gòj yon moun. Li ka pwopaje nan lè a pou rive a moun ki pipre a (anviwon 3 a 6 pye) lè moun ki enfekte a touse oswa etènye. Malmouton ka pwopaje tou lè w gen kontak avèk sekresyon moun ki enfekte a. Moun yo pi kontajye 2 jou avan sentòm yo kòmanse jiska 5 jou apre aparisyon maladi a.

Ki sa senptòm malmanton yo ye?

Senptòm ki plis frekan yo se yon lafyèv ki pa two wo, tèt fè mal, doulè nan misk epi glann krache ki anfle (nan machwa, anba zorèy yo epi anba maksilè a). Youn moun nan chak twa moun ki gen malmanton pap gen glann krache yo ki anfle. Senptòm yo kapab parèt 12 a 25 jou aprè yon moun gen kontakt ak yon moun ki enfekte (an jeneral ant 16 a 18 jou).

Èske malmanton danjre?

Malmouton se jeneralman yon maladi modere, men li kapab genyen kèk konplikasyon ki gen ladann menenjit (enfeksyon nan anvlòp sèvo a ak nan mwèl epinyè a), ansefalit (anflamasyon sèvo a), epi lakay gason yo, anflamasyon nan testikil yo. Raman yon moun ka genyen konplikasyon tankou pèt odisyon, atrit, anflamasyon ovè yo, anflamasyon tete yo, ak pwoblèm nan kè ak ren. Viris la ka ogmante risk avòtman, espesyalman nan premye twa mwa gwosès la.

Kilès moun kapab pran nan malmanton?

Malmanton kapab afekte nenpòt moun nan nenpòt laj ki poko gen maladi a oswa ki pa vaksine kont li.

Ki jan yo dyagnostike malmanton?

Yo sispèk malmouton souvan pa sentòm li yo. Malmouton ka konfime ak yon tès san oswa yon prelevman nan anndan an nan yon souflèt la.

Èske gen yon vaksen kont malmanton?

Wi. Vaksen kont malmouton rekòmande pou timoun yo aprè laj 12 mwa avèk yon dezyèm dòz nan laj 4 a 6 zan. Yo bay vaksen malmouton an jeneralman avèk yon konbinezon vaksen lawoujòl ak ribeyòl, ki rele MMR (vaksen lawoujòl-malmouton-ribeyòl). Moun yo ki fèt apre 1956 ki pa sèten si yo te genyen maladi a oswa yo te pran vaksen an, dwe pale avèk founisè swen sante yo pou yo ka pran vaksen an. Moun sa yo ki pa ta dwe resevwa vaksen MMR enkli fi ansent, moun ki genyen yon sistèm iminitè fèb ak sa yo ki fè reyaksyon grav avèk neyomisin, jelatin, oswa yon dòz MMR ke yo te pran avan.

Ki sa nou kapab fè pou malmanton pa gaye?

Pibon fason pou prevni malmouton se pou pran vaksen kont li. Si oumenm oswa pitit ou devlope sentòm malmouton, rele founisè swen sante w. Nenpòt moun ki genyen malmouton pa dwe ale nan gadri, lekòl, travay oswa lòt plas piblik yo jiska 5 jou aprè anflamasyon glann saliv yo te kòmanse. Moun ki te an kontak avèk yon lòt moun ki gen malmouton dwe pale avèk founisè swen sante yo pou asire ke yo pwoteje. Nenpòt moun ki te kapab ekspoze ta dwe edike sou siy ak sentòm maladi malmouton epi yo ta dwe chèche jwenn swen medikal si nenpòt nan sentòm sa yo kòmanse.

